# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–08 जून 2024 भोजपुरी समाचार

बिहने देस क नई सरकार राष्ट्रपति भवन में सपथ ग्रहण करी। एनडीए संसदीय दल क नेता नरेन्द्र मोदी बिहने लगतारे तीसरकी बेरि प्रधानमंत्री पद क सपथ लिहे। आयोजन के देखत राष्ट्रपति भवन में सपथ ग्रहण समारोह क तइयारी जोर–सोर से चलत बा। समारोह बिहने संझा सात बजके पनरह मिनट पर होई, राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मु येह मौका पर श्री नरेन्द्र मोदी के साथे–साथे उनकरे मंत्री परिषद के सदस्यनों के पद और गोपनीयता क सपथ दियइहें।

श्री मोदी काल्हि राष्ट्रपति से मुलाकात कई के नयी सरकार बनवले क दावा पेस कइले रहलें। येह से पहिले भारतीय जनता पारटी क अध्यक्ष जगत प्रकाश नड्डा के अगुवाई में एनडीए क एगो प्रतिनिधि मंडलों राष्ट्रपति से मुलाकात कइके एगो पत्र सौंपलस जेहमें कहल गइल रहल कि श्री नरेन्द्र मोदी के भाजपा संसदीय दल के नेता चुनल गइल हौ। एनडीए के घटक दलन की ओर से समरथन प़त्रों राष्ट्रपति के सौपल गइल।

ओहर राष्ट्रपति भवन एगो सोसल मीडिया पोस्ट में कहलस कि राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मु संविधान के अनुछेद 75 (1) के तहत दिहल गइल सक्तियन क प्रयोग करत नरेन्द्र मोदी के भारत के प्रधानमंत्री पद पर नियुक्त कइले हइनि।

*********

अयोध्या में करावल गइल विकास कार्यन अउर सौंदर्यीकरण के देखत अजोध्या विकास प्राधिकरण के स्मार्ट अर्बन इनोवेशन अवार्ड दिहल गइल हौ।प्राधिकरण के उपाध्यक्ष अश्वनी कुमार पांडेय बतवले कि प्राधिकरण के अयोध्या स्मार्ट इन्फ्रास्ट्रक्चर श्रेणी में चुन के येह पुरस्कार से सम्मानित कइल गइल हौ। येह चयन प्रक्रिया में राम पथ, भक्ति पथ, जन्मभूमि पथ अउर लता मंगेशकर चउक पर करावल गइल कई गो विकास कार्यन अउर सौंदर्यीकरण के साथे साथे सूर्यकुण्ड पर करावल गइल विकास कार्यन के खास तौर पर सामिल कइले गइल हौ।

*********

प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ एक जुलाई से लागू कइल जा रहल नया कानूनन के प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के पंच प्रण क हिस्सा बतवले हवें। उनके कार्यालय के एगो सोसल मीडिया पोस्ट में उनकरे हवाले से कहल गइल हौ कि पंच प्रण में एक प्रण गुलामी क सज्जो निसानियन के खतम कइल रहल। येह प्रण के पूरा करे खातिर अंगरेजन की ओरि से बनावल गइल इंडियन पीनल कोड–1860, क्रिमिनल प्रोसीजर कोड–1898, 1973 अउर एवीडेंस एक्ट 1872 के खतम कइ के तीनि नया स्वदेसी कानून पारित कइल गइल हवें। नया व्यवस्था के हिसाबि से इंडियन पीनल कोड–1860 के जगहि पर भारतीय न्याय संहिता–2023, क्रिमिनल प्रोसीजर कोड–1898,1973 के जगहि पर भारतीय नागरिक सुरक्षा संहिता–2023 अउर इंडियन एवीडेंस एक्ट–1872 के जगहि पर भारतीय साक्ष्य अधिनियम–2023 के एक जुलाई से स्थापित कइल जाई।

*********

असम क मुख्यमंत्री हेमंत विश्वा शर्मा इग्यारह सांसदन के साथे आजु अजोध्या पहुंचि के रामलला क दरसन कइलें। अजोध्या क महापौर महंत गिरीशपति त्रिपाठी एयरपोर्ट पर मुख्यमंत्री अउर उनकरे साथे आइल सांसदन क स्वागत कइलें। येह मौका पर संवाददाता लोगिन से बतियावत मुख्यमंत्री श्री शर्मा कहलें कि प्रभु राम क आसीरबाद मिलल हवे त मोदी जी तिसरकी बेरि प्रधानमंत्री बने जा रहल हवें। उहां के रामलला से प्रार्थना कइलीं कि नरेन्द्र मोदी चउथियो बेरि देस क प्रधानमंत्री बनें।

*********

सूचना अउर प्रसारण मंत्रालय योग अभ्यास के फायदा के बारे में जागरूकता पैदा करे खातिर कई गो कार्यक्रम क आयोजन करी। मंत्रालय कहलस कि दूरदर्शन भिन्नहीं क खास लाइव शो प्रसारित कइले के साथे–साथे योग बिसेसज्ञन के साथे कार्यक्रम अउर साक्षात्कारो प्रसारित करी। येही कड़ी में आकाशवाणी, मोरारजी देसाई राष्ट्रीय योग संस्थान के सहजोग से योग के जीवन सैली के रूप में बढ़ावा देवे अउर लोगिन के पुरहर कल्याण खातिर कार्यक्रम प्रसारित करी। आयुष मंत्रालय एगो योग गीति तइयार कइले हवे, जेहके सज्जो मीडिया प्लेटफार्म्स पर साझा कइल जा रहल हौ।

*********

प्रदेस में पछिला चउबीस घंटा के भित्तर भइल अलगि–अलगि दुरघटना में नौ जने क मउति हो गइल आ तीनि जने घाही हो गइलें। तीर्थनगरी मथुरा वृन्दावन में एगो नया बनल सोरूम में सिविर क सफाई कइ रहल तीनि गो करमचरियन क सीवरे टैंक में मउति हो गइल। मरे वालन में दुइ गो बलिया जिला क रहवइया हवें, जबकि तिसरका क पहिचान नाही हो पावल हवे। दुरघटना क कारण करंट बतावल जा रहल हौ।

सुल्तानपुर जिला के कोतवाली थान्हा क्षेत्र के विवेकनगर में एगो मकानि क छज्जा गिरले से दुइ जने क मउति हो गइल आ दुइ जने घाही हो गइलें। घाही लोगिन क इलाज मेडिकल कॉलेज में चलि रहल हौ। ओहीं, कौशाम्बी जिला के संदपन घाट थान्हा क्षेत्र के मोहद्दीनपुर गौसपुर में बीतल राति मकानि क बरजा गिरले से दुइ नौजवानन क मउति हो गइल, जबकि तिसरका नौजवान गम्हिराहे घाही हो गइल। ओहर जौनपुर जिला के बक्शा थान्हा क्षेत्र के वैसपार गांव के लग्गे आजु तड़के ट्रेलर के भीसण टक्कर से दुइ गो अलगि–अलगि पिकप से चाउमिंग लादि हल दुइ गो नौजवानन क ओहिजुकवें मउति हो गइल।

*********

मौसम विभाग अगिला चारि दिन ले पूरबी उत्तर प्रदेस में गरमी क आगम जतवले हवे। मौसम वैज्ञानिक मोहम्मद दानिश बतवलें कि गोरखपुर, अजोध्या अउर बनारस के ले के पूर्वांचल के कई गो जिलन में तापमान चालीस से पैंतालीस डिगिरी के बिच्चे बनल रही। अगिला दुइ दिन बाद फेर से तेज लुह चलि सके ला।

*********